


La Bib pou ti moun
prézanté

Yon moman
difisil pou
Jezi



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Byron Unger; Lazarus
Alastair Paterson

Adapté pa : M. Maillot; Sarah S.

Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.



Lè Jezi te fin
batize, Bondye te
pale epi li te di :
"Sa a se Pitit
Gason mwen
renmen anpil la.
Se li menm mwen
chwazi ak kè
kontan."
Sentespri
Bondye a te
desann sou Jezi
tankou yon pijon.



Yon ti tan apre sa,
Sentespri Bondye
te mennen Jezi nan
dezè a. Jezi te
poukont li.



Jezi te fè jèn pandan karant
jou. Sa vle di, li pa te manje
anyen pandan karant jou. Li te
grangou anpil.



Bib la di te genyen bèt sovaj tou.



Satan te vini pou li tante Jezi.
Lontan anvan sa, li te tante Adan
ak Èv ki te dezobeyi Bondye nan
Jaden Edenn nan. Kounye a, li t
apral teste Jezi.



Satan te kapab
eseye tante Pitit
Bondye a, Jezi.



"Si w se Pitit Bondye a," Satan te di, "fè wòch sa yo tounen pen." Li te konnen Jezi te grangou. Li te konnen Pitit Bondye a te kapab fè wòch yo tounen pen. Èske Jezi t apral obeyi dyab la ?




Non ! Jezi pa t obeyi dyab la. Okontrè, li te reponn ak Pawòl Bondye a : "Pen sèlman pa sifi pou nourir yon moun."



Aprè sa, Satan te mennen Jezi nan gran vil Jerizalèm nan, nan tanp sakre a kote moun yo t ap adore Bondye. Ki sa dyab la t apral fè kounye a ?



"Si w se Pitit Bondye a, lage
kò w anba," Satan te di. "Li
di nan pawòl li zanj Bondye
y ap sove w."



"Non !" Jezi te reponn. Li ekri nan pawòl li tou...
"Ou pa dwe pwovoke Senyè Bondye w la."






Dyab la te eseye ankò. Li te mennen Jezi andeyò vil la, sou tèt yon mòn ki byen wo.



Dyab la te montre Jezi tout richès ki genyen nan wayòm latè yo, li te di : "Mete w ajenou devan mwen, pou w adore m, epi m ap ba w tout bagay sa yo."



"Retire kò w sou mwen, Satan !" Jezi te kòmande li. Men sa ki ekri... "Ou dwe adore Senyè Bondye a, epi se li menm sèlman ou dwe sèvi."



Dyab la te kite
Jezi anrepo pou
yon ti tan. Apre
sa, yon bèl bagay
bagay te rive.
Bondye te voye
kèk zanj pou
konsole ak pran
swen pitit
gason l an,
Jezi, ki pa t
obeyi dyab la.



Yon moman difisil pou Jezi

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,

Nap jwen-n nan

Matye 4, Lik 4

"Pawòl Bondyé poté limyè."

Sòm 119 : 130



Fen



Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité. Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

